



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWAZYÈM RAY REVOLISYONÈ CHEMEN FÈ
ISTORIK LONG ISLAND**

***Ekspansyon 2.6 Milya Dola Gen Ladann 50 Pwojè pou Modènize 15.8 Kilomèt Ling
Prensipal LIRR Ant Floral Park ak Hicksville***

***Ekspansyon an Genyen Ladann Nouvo ak Pon Renove, Eliminasyon Pasaj Nivo,
Nouvo Soustraksyon Puisans, Paking Anplis, Estasyon Renove Ray Modèn ak
Enfrastrikti Sinyal***

***Yon Pati nan Investisman Jeneral 6 Milya Dola nan 100 Pwojè LIRR pou
Transfòme Sèvis Transpò Chemen Fè Rejyon an ak Estimile Kwasans
Ekonomik la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia chemen fè Long Island lan (Long Island Rail Road, LIRR) ap fè revolisyon istorik twazyèm ray la. Efò ekspansyon 2.6 milya dola gen ladann 50 pwojè pou modènize 15.8 kilomèt sou longè Ling Prensipal konjesyone LIRR la ant Floral Park ak Hicksville. Pwojè sa yo genyen ladan yo mete yon twazyèm ray, elimine tout sèt pasaj nivo andedan koridò pwojè a, ajoute nouvo sou-estasyon puisans ak paking, ansanm ak ray modèn epi enfrastrikti sinyal. Karant pousan pasaje LIRR yo pase nan Ling Prensipal la.

“Depi 1940, moun ap pale de ajoute yon twazyèm ray ak modènize koridò Ling Prensipal la - epi kounye a n ap fè li reyèlman”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo ke yo pran ansanm pral kreye sèvis ki pi fasil ak pi fyab pou pasaje LIRR alòske an menm tan li pral amelyore sekirite piblik pandan li pral elimine pasaj nivo danjere yo. LIRR se kolòn vètebral ekonomi rejyon an epi efò ekspansyon sa a pral estimile kwasans pandan plizyè jenerasyon.”

Avantaj pwojè a pral genyen ladann vwayaj fasil ak fyab, pasaj ak plis sekirite ak plis trakilite, amelyorasyon nan estasyon ak espas pou paking, rediksyon bwi nan koridò pwojè a ansanm ak mwens konjesyon ak yon lè pi pwòp.

Eleman pwojè a ansanm ak koridò Ling Prensipal la gen ladann:

- 15.8 kilomèt yon nouvo twazyèm ray;

- Eliminasyon 7 pasaj nivo, ki gen ladann Covert Avenue, South 12th Street, New Hyde Park Road, Main Street, Willis Avenue, Urban Avenue ak School Street;
- Ranplasman ak modifikasyon 7 pon, ki gen ladann Pon South Tyson, Pon Plainfield Avenue, Pon Tanners Pond Road/Denton Avenue, Pon Glen Cove Road, Pon Meadowbrook Parkway, ak Pon Cherry Lane;
- 5 amelyorasyon estasyon, ki gen ladann Estasyon New Hyde Park, Estasyon Merillon Avenue, Estasyon Mineola, Estasyon Carle Place, ak Estasyon Westbury; anplis de sa asansè ki konfòm ak règleman ADA nan Estasyon Floral Park.
- 7 ranplasman sou-estasyon, ki gen ladann Sou-estasyon Floral Park, Sou-estasyon New Hyde Park, Sou-estasyon Merillon Avenue, Sou-estasyon Mineola, Sou-estasyon Carle Place, Sou-estasyon Westbury ak Sou-estasyon Cassel;
- 12 kilomèt mi rediksyon/son; ak
- Amelyorasyon anplis atravè koridò pwojè a.

Sou lòd Gouvènè a epi apre 70 zan imobilite, eta, MTA, fonksyonè lokal yo ak kominote Long Island lan yo ap vanse pwojè 2.6 milya dola sa a vè lavan. Nouvo plan transfòmatif sa a diferan anpil de pwopozisyon yo te fè nan tan pase yo. Plan an pap itilize okenn pwopriyete rezidansyèl, l ap elimine sèt pasaj nivo ki sou lari yo, epi l ap elaji oswa ogmante wotè sèt pon ki sou wout ling lan pou evite machin ki wo yo frape pon yo.

Nan kad pwojè transfòmatif twazyèm sa a, eta a ap antreprann yon pwogram global pou redui bwi - y ap ranplase tout ray yo epi konstwi yon nouvo Twazyèm Ray ki itilize teknoloji rediksyon bwi avanse. Pwojè a gen ladan mi rediksyon bwi sou tout longè prèske 9.6 kilomèt katye rezidansyèl ki sou wout ling prensipal la, epi l ap gen tretman achitekti pou konpleman anviwònman ozalantou yo.

LIRR pral ranplase tou enfrastrikti elektrik yo atravè tout sistèm lan avèk sèt nouvo sikisal traksyon elektrik pou amelyore fyabilite ak ogmante kapasite yo ase pou yo ka alimante twa tren LIRR k ap vwayaje an menm tan. Anplis de sa, pou ogmante sekirite, sistèm lan pral ajoute yon kòmand entegre nan tren yo (positive train control) pou evite èrè operatè yo konn fè yo.

Pou asire kominote a bay opinyon li sou pwojè a pandan tout dire li, eta a ap antre nan pwotokòl akò (Memorandum of Understanding, MOU) avèk kominote k ap viv sou zòn Twazyèm Ray Liy Prensipal la. MOU yo pral envite yo bay opinyon yo sou konsepsyon pwojè a, ki gen ladan konsepsyon estetik kèk eleman nan pwojè a tankou mi sonorizasyon, konsiderasyon pou sikilasyon ak paking, sèvis piblik, drenaj, kontwòl ensèk nwizib ak pousyè, devlopman k ap oryante anvè transpò komen, pwogramasyon ak dire konstriksyon an, sekirite kominote a ak kalite lavi moun nan kominote yo.

Prezidan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority, MTA) Joseph Lhota te deklare, “Jodia se yon gran jou istorik pou LIRR ak MTA. Pwojè sa a pral ede chemen fè a simonte difikilte chak jou yo nan operasyon ak ogmante konsiderableman kapasite, epi li pral libere potansyèl chemen fè a pou sèvi maksimòm envès nan vwayaj ak pwopilse Long Island kòm yon motè kwasans ekonomik. Se te yon lis swè depi lè MTA egziste, epi jodia li klè l ap tounen yon reyalite.”

Ofisye Devlopman an Chèf Otorite Transpò Metwopoliten Janno Lieber te deklare, “Pwojè sa a inovatif nan plizyè fason. Se yon pwojè ki baze sou konsepsyon, sa ki pèmèt li livre pi bon bidjè ak orè ki pi sèten. Epi nou genyen konsepsyon pou redui enpak sou kominote yo epi kreye ankourajman ekonomik pou kontraktè a parapò ak angajman kominotè. N ap montre nan ki fason MTA ap chanje pou pote avantaj pou piblik la pi vit, pi byen epi pi bon mache.”

Prezidan Chemen Fè Long Island Philip Eng te deklare, “Transfòmasyon total Chemen Fè Long Island la se sa rejyon sa a bezwen. Gras ak lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo, sa resi ap fèt. Gras ak envestisman istorik sa a, ansanm ak inisyativ *LIRR Forward* nou an, moun atravè Long Island pral kòmanse yon eksperyans chemen fè klas mondyal, ke yo ap tann epi merite.”

Senatè Elaine Phillips te deklare, “Travay mwen antanke Senatè Eta a se pou sèvi vwa pou kominote ak rezidan ke pwojè sa a pral touche dirèkteman epi mwen pral kontinye fè pledwaye pou yo. Pandan n ap travay pou transfòme ak modènize fason rezidan Long Island deplase ak konstwi yon rejyon ki pi bon ak pi fò - nou dwe pran an kont kalite lavi sila yo ke nouvo transfòmasyon sa yo pral afekte. Ak eleman prensipal sa a nan lespri nou, m ap tann ak enterè amelyorasyon eksperyans depasman ansanm ak sekirite piblik pou sila yo ki nan distri mwen an.”

Manm Asanble Michael Montesano te deklare, “Mwen kontan anpil ke nou te finalman demare sou 3yèn ray pwojè pou LIRR la. Sa se amelyorasyon ki te nesèsè anpil ki pral ede ekonomi Long Island la ak sistèm transpò a nan totalite li. Adisyon prèske 16 kilomèt sa a pral elimine sèt pasaj nivo, kreye 3,500 nouvo espas paking epi pote amelyorasyon nan estasyon sou wout la. Pasaje yo gendwa detann yo pandan ke yo konnen ke reta ak anilason pral diminye epi sekirite pral ogmante. M ap tann ak enterè pou amelyorasyon sa yo fèt nan kominote nou yo.”

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan kad pwojè twazyèm ray la. Twazyèm ray la pral nan avantaj elektè mwen yo k ap vwayaje chak jou nan ling Oyster Bay, Huntington, ak Ronkonkoma yo. Pandan li ajoute 16 kilomèt nouvo ray, nou ka soulaje koridò ki pi konjesyone nan LIRR yo. Mwen felisite lidèchip Gouvènè Cuomo ak pledwaye li nan kad pwojè sa a.”

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Aprè plizyè deseni pale, mwen rekonesan ke aksyon Gouvènè Cuomo nan pote transpò ki fyab ak mennen yon twazyèm ray pou Ling Prensipal Chemen Fè Long Island nan. Yon enfrastrikti fyab se kolòn vètebral yon ekonomi k ap pwospere, epi aksyon revolisyonè sa a pral sèvi plizyè milyon moun New York pandan jenerasyon ki gen pou vini yo.”

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Twazyèm ray la pral jwe yon gwo wòl nan sipòte devlopman ki baze sou transpò atravè Konte Nassau a. Yon lòt fwa ankò nou vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li k ap kontinye pou amelyore enfrastrikti atravè Eta New York la.”

Yo atann ke pwojè ekspansyon Twazyèm Ray la acheve rive nan fen 2022.

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon transfòmasyon istorik 6 milya dola k ap fèt nan Chemen Fè Long Island pou ranfòse enfrastrikti transpò rejyon an epi ouvri pòt pou yon nouvo peryòd kwasans ekonomik. An total, anviwon 100 pwojè transfòmatif LIRR ap vanse pou pi devan, ki gen ladan Twazyèm Ray Ling Prensipal la, Ray Doub Vwa a ak Rekonstriksyon Estasyon Jamaica, y ap renove 39 estasyon Chemen Fè Long Island ak elimine pasaj nivo

Ekip pwojè a te angaje nan yon nivo sansibilizasyon piblik san presedan ak yon gwo kantite endividi ak òganizasyon, ki gen ladann gwoup kominotè, ofisye yo te chwazi ak nome, biznis, ak rezidan. Anpil pami eleman Pwojè a ak rediksyon mezi enpak konstwiksyon an se rezilta dirèk enfòmasyon piblik la bay. Yon seri angajman anviwònmantal ak kominotè te devlope nan dire faz planifikasyon an kowòdinasyon ak moun responsab yo ansanm ak koridò Pwojè a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)